



Chè fanmi,

Si pitit ou a te fèt an 2019, li ka ale nan pre-K nan otòn 2023 a!

Avan peryòd aplikasyon pre-K a ouvri nan fen mwa janvye a, nou ankouraje w pou ranseye w sou anviwònman ki ofri pre-K. Jodi a, nou pral ba w enfòmasyon sou Sant Edikasyon pou Debitan Vil Nouyòk (NYCEEC).

NYCEEC yo se òganizasyon kominotè yo chwazi atravè yon pwosesis evalyasyon solid ki fè patenarya avèk DOE pou bay pre-K. Yo ka loje nan lekòl prive ak gadri, lekòl pawasyal, ak nan lòt lokal. Si yon NYCEEC sou lis nan [MySchools](#), li ofri yon pwogram pre-K leta ki ofri swen ak edikasyon pou debitan gratis oswa a pri ki ba pou fanmi Vil Nouyòk. Anpil NYCEEC ofri tou plas pou jounen ak ane lekòl pwolonje ak pwogram Head Start pou fanmi ki elijib selon revni ak bezwen yo. Gen kèk pwogram ki ofri tou sèvis pou depoze timoun lan bonè oswa pou vin chèche l ta. Ale sou paj [MySchools](#) yon pwogram pou plis enfòmasyon.

Tout timoun Vil Nouyòk ki fèt an 2019 kapab aplike pou admisyon nan NYCEE. Elèv ki nan NYCEEC kounye a, frè ak sè yo, ak aplikan ki resevwa sèvis sosyal nan men òganizasyon ki dirije pwogram lan resevwa priorite pou admisyon nan chak NYCEEC.

Ou ta ka konsidere anviwònman sa a si:

- Ou ta renmen voye pitit ou a nan yon pwogram yon òganizasyon ki gen lyen solid avèk katye ak/oswa kominote ou a ap dirije
- Ou enterese nan opsyon ki tou pre kote ou travay oswa ale lekòl la, pa sèlman kote fanmi ou rete - pa gen priorite pou zòn jewografik pou NYCEEC nan pre-K!
- Fanmi ou resevwa sèvis sosyal nan òganizasyon ki ap dirije sant lan
- Ou bezwen depoze pitit ou a bonè oswa opsyon apre-lekòl—anpil pwogram ofri opsyon pou depoze elèv bonè ak/oswa vin chèche l ta.
- Ou ta renmen opsyon diferan plas tankou plas pou jounen lekòl antye, jounen ak ane lekòl pwolonje, oswa plas Head Start.

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Patisipe avèk nou nan aktivite sou admisyon nan lekòl primè nan dat 12, 26 janvye, 1ye oswa 15 fevriye. Pou w jwenn detay aktivite yo, ale sou [sitwèb admisyon pre-K a](#). Nan semèn k ap vini yo, n ap voye yon seri mizajou ak rapèl, ladan yo lòt anviwònman pwogram pre-K pou ou ka detèmine ki sa pi bon pou pitit ou ak fanmi ou.

Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 oswa ale nan [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#) ki bò lakay ou a.

Bòn chans,

Ekip admisyon 3-K ak Pre-K

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon pre-K nan [schools.nyc.gov/SignUp](#). Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou koupe abònman an.